

# NEW YORK CITY HOUSING AUTHORITY

## OTORITE LOJMAN VIL NOUYÒK

### Rezime Règleman Sèvis Kominotè

Selon egzijans Lalwa Federal, tout rezidan nan lojman piblik ke yo pa eskize dwe fè aktivite Sèvis Kominotè oswa aktivite Endepandans Ekonomik pandan 8 èdtan pa mwa. Rezime Règleman Sèvis Kominotè sa a eksplike dispans yo epi li dekri obligasyon Sèvis Kominotè a. **Si w ta gen nenpòt kesyon konsènan Pwogram Sèvis Kominotè a, ou ta dwe kontakte Asistan Lojman ou. Pa gen okenn lòt biwo ki gen enfòmasyon nesèsè pou reponn kesyon ou yo.**

## I. KONDISYON SÈVIS KOMINOTÈ

**Sèvis Kominotè** se youn travay volontè ki youn benefis piblik, epitou ki amelyore jan de vi a, enkouraje endepandans ekonomik, oswa ogmante responsablite moun nan kominote a. Sèvis kominotè pa youn travay e li pa sipoze ginyin okinn aktivite politik.

### A. Avi sou Kondisyon Sèvis

**Si Kondisyon Sèvis la ki nan Avi sou Kondisyon pou nenpòt moun nan kay la se "Sèvis Kominotè ki Nesèsè," ou dwe fè aranjman pou yon reyinyon avèk Asistan Lojman ou pou jwenn yon eksplikasyon sou Sèvis Kominotè a.** Si Kondisyon Sèvis ki nan lis Avi ki nan anvlòp la pou tout moun ki nan kay la se "dispans", pa gen reyinyon ki nesèsè.

### B. Egzekisyon Sèvis Kominotè

Rezidan yo dwe fè Sèvis Kominotè swa nan yon bilding ki nan yon abitasyon NYCHA oswa nan yon bilding ki pa nan abitasyon NYCHA. Asistan Lojman ou ap ede ou idantifye divès founisè Sèvis Kominotè nan katye a. Gen divès kalite founisè pou yon rezidan ka chwazi nan diferan kalite Sèvis Kominotè. Yon rezidan ka, men pa oblije, fè tout aktivite Sèvis Kominotè a pou yon founisè. Rezidan an ka fè Sèvis Kominotè pou diferan founisè Sèvis Kominotè.

## II. DISPANS NAN SÈVIS KOMINOTÈ

Gen pou anpil kondisyon ke rezidan yon kapab kalifye pou dispans. Yon eskize rezidan an pou li pa fè Sèvis Kominotè pandan peryòd **yon** ane Lokasyon, sof si dispans lan la pou toutan. NYCHA ka idantifye sèten dispans ki baze sou enfòmasyon ki egziste, men pifò lòt dispans yo ka akòde sèlman apre soumisyon yon fòm verifikasyon dispans ki siyen. Ou ka jwenn fòm sa yo nan men Asistan Lojman ou. Rezidan an gen obligasyon pou li jwenn epi soumèt dokiman dispans ki siyen epi pou li pote dokiman nan biwo direksyon abitasyon an.

Men yon lis dispans.

### A. DISPANS NYCHA KA IDANTIFYE SELON ENFÒMASYON KI EGZISTE

- **Laj** – mwens ke 18 tan - 60 tan ak plis
- **Anplwaye-**
- **Revni akòz Enfimite** - Ap resevwa Revni Sekirite Siplèmantè, (SSI)
- **Asistans Piblik** –

### B. LOT DISPANS - AKODE SELMAN AVEK DOKIMAN KI SIYEN

- **Avèg / Enfim** (Yon eskiz pèmanan akòde sèlman si yon doktè sètifye moun nan avèg oswa enfim pou toutan.
- **Ap resevwa Revni Sekirite Sosyal Enfimite, (SSD)**
- **Responsab pou pran swen pou yon moun ki avèg oswa enfim**
- **Fòmasyon edikatif pwofesyonèl** (disponib sèlman **yon** fwa pou chak rezidan)
- **Fòmasyon pwofesyonèl pou travay**

- **Fòmasyon ki asosye dirèkteman avèk travay**
- **Prezans ki satisfè nan lekòl segondè** oswa nan pi wo nivo
- **Prezans ki satisfè nan yon pwogram**
- **Eksperyans travay** (avèk tout travay ki asosye avèk amenajman lojman assistans piblik) si travay sektè prive a pa disponib, pa egzanzp, Youthbuild
- **Fòmasyon nan travay**
- **Founisè Sèvis Gadri**
- **Founisè Sèvis Gadri pou pwòp pitit ou** si gadri a pa disponib Pitit ou dwe gen 5 kan ou pi piti
- **Founisè Gadri pou pwòp pitit ou:** Pitit ou dwe gen 12 mwa oswa mwens

<b>AVI:</b>	NYCHA pa apwouve okenn òganizasyon espesyal oswa li pa pran okenn responsablite ki gen pou wè avèk Sèvis Kominotè yon rezidan. Chak rezidan responsab poukont li pou chèche yon òganizasyon apwopriye pou konfòme li avèk egzijans lwa federal sa a.
-------------	--